

**SS.7. C.3.14 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 4:** Elèv yo ap konpare pouwva ki rezève nan gouvènman an, pouwva ki konkouran, pouwva ki eksprime/enimere nan gouvènman an.

Anba a se yon revizyon tou kout sou twa kalite pouwva yo bay gouvènman federal la ak eta yo.

Kalite Pouwva	Deskripsiyon
<b>Pouwva ki Eksprime/Enimere</b>	Pouwva ki Eksprime/Enimere se pouwva ki nan lis Konstitisyon peyi Etazini an ke yo bay gouvènman federal la sèlman. Pouwva sa yo enimere nan Atik I, Seksyon 8 nan Konstitisyon an. Egzant sou pouwva sa enkli pouwva pou deklare lagè, pouwva pou mete sou pye yon lame ak marin, pouwva pou regularize (kontwole) imigrasyon ak pouwva pou regularize komès.
<b>Pouwva Rezève</b>	<p>Yo defini pouwva ki rezève nan Dizyèm Amannman ki nan Konstitisyon peyi Etazini. Dizyèm Amannman an di ke "yo pa delege pouwva yo nan Etazini atravè Konstitisyon an, ni entèdi yo bay Eta yo, yo rezève respektivman nan Eta yo, oswa bay pèp la."</p> <p>Amannman sa a bay tout pouwva, ki pa espesyalman nan lis pou gouvènman federal la, bay eta yo ak pèp la.</p> <p>Egzant sou pouwva ki rezève enkli pouwva pou mete sou pye yon sistèm edikasyon, pouwva pou fè lwa eleksyon, ak pouwva pou bay lisans pou kondwi.</p>
<b>Pouwva Konkouran</b>	<p>Pouwva konkouran se pouwva ke gouvènman federal la pataje ak gouvènman eta yo. Gen kèk nan pouwva yo ki konkouran paske peyi Etazini gen yon sistèm federal (yon sistèm gouvènman kote yo pataje pouwva yo ant gouvènman federal la ak eta yo).</p> <p>Egzant sou pouwva konkouran yo enkli: pouwva pou kolekte taks (taks federal ak taks eta a), pouwva pou prete lajan, pouwva pou fè lwa, ak pouwva pou kreye ak pou fè reparasyon wout ak otowout.</p>

**gouvènman eta** – Gouvènman nan chak eta

**gouvènman federal** – gouvènman nan nivo nasyonal la; gouvènman nan peyi Etazini

**pouwva ki eksprime/enimere** – se pouwva ke yo espesyalman bay gouvènman federal la, ke yo rele tou pouwva delege; gouvènman eta yo pa kapab itilize yo

**pouwva konkouran** – se pouwva ki pataje ant gouvènman nasyonal la, eta yo, ak/oswa gouvènman lokal yo

**rezève pouwva** – pouwva ki pa akòde a gouvènman federal la ki apatni (yo rezève a) a eta yo ak pèp la; al gade nan Dizyèm Amannman an